

ISTEAH : fè lasyans ak teknoloji tounen motè devlopman Ayiti

Samuel Pierre

Depi nan epòk *Adam Smith*, ekonomis yo te gen abitud reflechi seryezman sou patikularite ak divès kòz richès nasyon yo. Konsa, nan liv li a *An Inquiry into the Nature and Causes of the Wealth of Nations* [1], ki te pibliye nan ane 1776, *Smith* analize orijin pwosperite peyi kou Angletè ak Peyi-Ba. Kèlkeswa sa moun ki ap ekri tèks kritik yo panse, liv *Smith* lan se an menm tan dokiman fondatè *teyori klasik* tout ekonomis konnen epi se yon defans otantik pou *liberalis ekonomik* lan.

Si yon analiz konsa te sèvi pandan dizuityèm syèk la pou esplike koman kèk peyi nan ansyen Ewòp te vin rich, nou dwe chèche diferamman rezon ki lakòz richès kèk nouvo peyi pandan ventyèm syèk la. Kòm ekzanp, nou kab nonmen peyi kou : Brezil, Koredisid, Sengapou, Taywann. Jouk jounen jodi a, moun nan kominote entènasyonal la ki ap prete lajan epi kèk ponyen moun edike nan popilasyon Ayiti a kontinye genyen dout sou opòtinite pou yo envesti nan fòmasyon inivèsite. Yo aji konsa, sou pretèks moun ki byen prepare yo ap gen pou yo kite peyi a an mas. Nan kontèks sa a, li bon pou nou sonje nouvo peyi nou mansyone pi wo yo jwenn wout ki mennen yo sou chemen pwosperite nan kreye inivèsite dekse-lans pou fòm moun epi fè yo rete nan peyi yo, ak nan envesti nan lasyans ak teknoloji pou kreye richès apati inovasyon. Pi souvan, yo fè sa kont volonte yo, avèk tout risk ki mache ak chwa sila a. Peyi sa yo te aji, anba bab gwo ajans entènasyonal yo ki te denonse kalite oryantasyon sa a. Yo te anbake pou kont yo, epi ak anpil kouray, nan aplike politik sa a pandan plizyè ane. Ane yo pase, jounen jodi a se peyi sa yo ki vin genyen rezon nan ajisman yo a. Ajans entènasyonal yo vin admèt yo pa te gen rezon, yo rekonèt tou, yo te fè erè nan ensiste pou yo fè pwomosyon epi soutni edikasyon ki nan premye nivo sèlman. Richès tout nasyon – yon reyalite konplèks ki

rete konekte ak eleman kiltirèl yo - chita prensipalman sou kontwòl konesans, lasyans ak teknoloji pou byen jere reyalite konplèks yo; richès nasyon yo chita tou sou kapasite pou fè eksperyans ansanm ak inovasyon epi kreyasyon yon fason pou pwopoze epi parèt ak solisyon orijinal pou pwoblèm ki parèt sou plan nasyonal kou entènasyonal. Ayiti dwe pran ekzanp modèl ki mache ak siksè sa yo pou lasyans ak teknoloji ka sèvi motè pou devlopman sosyo-ekonomik li.

RANFÒSE KAPASITE INIVÈSITE AYITI YO

Lansèyman nan nivo inivèsite pa menm ak lansèyman nan lòt nivo sistèm edikasyon an, paske nan nivo inivèsite a, fòk genyen kreyasyon nouvo konesans. Se sa ki premye misyon inivèsite yo. Yon inivèsite, ki kontante li senpman pou bay konesans san li pa mete nouvote ladan, pa pe vrèman jwe wòl li san pou san. Alaverite, kote ki pa genyen rechèch ki ap fèt, moun ka toujou poze anpil kesyon sou karaktè inivèsite ansèyman an. Poutan, reyalite a montre nou, jounen jodi a, pwogram ki genyen rechèch ladan yo anndan enstitisyon inivèsite Ayiti yo piti anpil. Pa gen lajan ki disponib pou fè travay rechèch nan inivèsite piblik Ayiti yo. Se menm sitiyasyon an ki ekziste nan inivèsite prive yo, pou pratikman menm rezon yo : pa genyen lajan disponib pou fè rechèch, oubyen lajan ki genyen an pa ase, misyon inivèsite a pa byen defini, epi pa genyen lyen ant inivèsite yo ak anviwonman sosyo-ekonomik yo. Alaverite, nou dwe di genyen kèk aktivite rechèch ki fèt raman, sou fòm etid, rechèch aplike oubyen rechèch-aksyon. Se òganizasyon entènasyonal yo ki plis finanse yo. [2]

Avèk ogmantasyon kantite inivèsite yo nan peyi a pandan dènye ane yo, genyen anpil moun ki gen lisans inivèsite ki ►

rantr nan ekip pwofesè ki ap travay nan inivèsite yo. Epi tou, pousantaj pwofesè inivèsite ki fè metriz yo pa anpil (se kab 10%). Pou sila yo ki genyen doktora, pousantaj la pi piti toujou [2]. Se yonn nan prensipal pwoblèm ki dwe rezoud pou nou rive ranfòse kapasite ansèyman ak travay rechèch nan inivèsite Ayiti yo.

Nan yon rapò *Interuniversity Institute for Research and Development (INURED)*, ki parèt nan ane 2010, yo prezante sektè inivèsite a nan yon fason depriman ni anvan ni apre tranbleman tè a [3]:

« Anvan tranbleman tè a, inivèsite piblik yo kou inivèsite prive yo te twouve yo devan kèk defi enstitisyonèl fondamantal tankou: absans reglemantasyon, yo konsantre pi plis nan kapital la ak alantou kapital la, yo manke lajan, pa gen estrateji pou fè rechèch, pwofesyonèl yo pa kalifye ase, bibliyotèk yo manke materyèl epi korikoulòm pa alamòd [...]. »

Pakèt edifis inivèsite a ki te konsantre nan menm zòn lan te lakòz sistèm inivèsite a viktim pandan tranbleman tè a. Konsa, 28 pami 32 edifis inivèsite ki te pi enpòtan nan peyi a te kraze rapyetè, epi rès yo te sibi gwo domaj [4]. Inivèsite yo te pèdi 120 pou rive 200 pwofesè ak administratè, 2 599 pou rive 6 000 etidyan, ki te nan wout pou vin pwofesyonèl. Se kòm si sa pa ase, dapre divès sous, yo pa kab rive konte kantite pwofesè, pwofesyonèl ak etidyan ki te kite peyi Ayiti apre tranbleman tè a. Konsa, se bon moman pou nou prese prepare fòmasyon pou inivèsite yo san bliye inivèsite ki nan pwovens yo, espesyalman nan domèn syans ak teknoloji, dapre yon modèl ki kab ranfòse kapasite lokal inivèsite yo. Modèl sa a dwe diminye depandans inivèsite a parapò ak resous pwofesyonèl ki soti nan kowoperasyon entènasyonal. Se nan kontèks sa a GRAHN vin kreye pwojè *Enstiti syans, teknoloji ak etid avanse Ayiti (ISTEAH)*¹.

SYANS AK TEKNOLOJI NAN SÈVIS DEVLOPMAN

Avèk *ISTEAH*, nou ap mete syans ak teknoloji nan sèvis devlopman peyi a. Pou sa rive fèt, *ISTEAH* pral fòme sitwayen, moun ki kab fè inovasyon, epi lidè ki ap kab aji avèk konpetans nan nivo lokal, nasyonal epi rejyonal, pandan yo ap rapousuiv yon ideyal dekselans nan aksyon yo ak nan entèvansyon yo. *ISTEAH* genyen nan vizyon li pou li pwolonje aksyon inivèsite ki an Ayiti yo. Li vle ranfòse inivèsite yo yon fason dirab nan mete ansanm resous ki konplèman tè yo nan domèn espesifik kote ki pa genyen ekspètiz la dimwens, kote ekspètiz la pa ase nan peyi a. *ISTEAH* vle, an menm tan, ede enstitisyon ansèyman wo nivo yo, apati ogmantasyon kapasite yo pou yo fè fas ak demann fòmasyon ki ap ogmante nan peyi a. Anfen, li ap eseye ogmante kalifikasyon resous moun yo, resous peyi a bezwen pou li kanpe dyanm, dapre yon apwòch volontaris ki vle otonomi inivèsite yo. Avèk patnè li yo, *ISTEAH* pral

devlope yon modèl fòmasyon ki Ayisyen pou etid avanse yo, apati yon sentèz pratik ki pi bon nan Amerikdinò ak an Ewòp nan domèn lasyans ak teknoloji.

Enstiti syans, teknoloji ak etid avanse Ayiti a (ISTEAH) pral plis konsidere rechèch, inovasyon, lidèship ak fòmasyon sitwayen kòm baz devlopman sosyo-ekonomik. Ak lide pou desantralize peyi a, enstiti sa a pral kontribye anpil nan fòmasyon chèchè ak pwofesyonèl gwo kalib anndan peyi a menm, espesyalman nan vil pwovens yo, ki souvan genyen pwoblèm, paske manke moun ki gen konpetans pou fòme etidyan premye sik yo. Pandan yon peryòd 10 ane, *ISTEAH* vle fòme yon ekip 1000 syantifik pou reyose nivo syantifik peyi a epi redui depandans peyi a parapò ak prezans peyi etranje pou fòmasyon avanse moun ki nan nivo kad li yo ak moun ki nan nivo pou pran desizyon. Yon ekip pwofesè entènasyonal, ki se an grann pati benevòl, ap pare pou yo al soutni enstiti sa a, apati divès metòd, nan bay fòmasyon: fasafas, fòmasyon adistans senkwòn (videyokonferans) epi asenkwòn (*e-learning*), seminè pou yon peryòd tan kout, pwojè ak sipèvizyon adistans oubyen tout lòt konbinezon ki posib.

ISTEAH ap gen pou li fè aktivite rechèch ki apwopriye, ki baze sou bezwen sosyo-ekonomik peyi a epi li pral bay tou pwogram fòmasyon avanse pou moun ki nan pozisyon kad epi ki kontinye ap travay nan fonksyon piblik peyi a. Li pral kreye tou sant rechèch ak sant antreprenarya pou valorize inovasyon ki soti nan aktivite rechèch li yo. Èd li pral bay nan preparasyon pou demare yon antrepriz teknolojik, ki baze sou inovasyon ak valè ki genyen diplis ladan, pral antre nan priyorite li tou.

ESPESIFISITE ÒGANIZASYONÈL AK CHAN ETID VIZE

ISTEAH pral fonksyone dapre kèk gran prensip. Alavèrite, kou yo ap fèt an fransè, kreyòl, angle oubyen espayòl. Pou fasilite planifikasyon yo, kou sa yo pral distribye ant divès inivèsite Ayiti ki nan patenarya ak *ISTEAH*. Divès pwogram fòmasyon yo pral dewoule nan tèt-ansanm ant divès enstitisyon ki ap kolabore ak *ISTEAH* yo epi ki genyen branch yo nan divès rejyon nan peyi a (nan Nò, nan Sant peyi a ak nan Sid). Resous moun ak materyèl pral pataje dapre yon sistèm konpansasyon ki an preparasyon. Ekip pwofesè yo ap nan menm nivo ak estanda ki pi wo sou plan entènasyonal. Pwogram pou fòmasyon yo ap jwenn èd nan yon rezo enstitisyon entènasyonal, ak laboratwa, pwofesè epi sant rechèch espesyalize ki ap genyen pou resevwa etidyan *ISTEAH* ki nan estaj yo. Enstitisyon ki patnè *ISTEAH* yo ka mete epi pwopoze pwogram fòmasyon *ISTEAH* yo nan lis fòmasyon yo ap bay yo. Pou admèt etidyan yo nan divès pwogram yo, sa pral fèt sou baz dosye akademik ansanm ak konkou, men priyorite a ap pou manm ekip pwofesè nan inivèsite Ayiti yo ak moun ki

nan pozisyon kad anndan fonksyon piblik Ayiti a. *ISTEAH* ap genyen yon pwogram bous dapre merit etidyan an pou ede ekonomikman, pi bon etidyan nan pwogram fòmasyon yo; moun ki ap gen priorite nan pwogram bous la se anseyan ak moun ki ap travay kòm kad nan enstitisyon ki an patenarya ak *ISTEAH*.

Nan *ISTEAH* ap genyen prensipalman pwogram etid ak rechèch miltidisciplinè, men sa pa pe rete la. Pwogram sa yo pral chita sou disiplin sa yo: agwonomi, teknoloji alimantè, forèsteri ak anviwonman; administrasyon ak syans jesyon, jeni ak etid ibèn, syans lasante, syans ekonomik, syans matematik ak fizik, teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon, teknoloji nan edikasyon ak jeni pedagogik. Tout pwogram yo ap genyen yon gwoup kou tout moun dwe suiv nan syans moun ak syans sosyal, kou avanse pou aprann lang etranje (anglè ak panyòl), kou pou aprann rezoud pwoblèm, kou apwofondi nan zouti enfòmasyon, nan metòd estatistik

ORYANTASYON AKTIVITE RECHÈCH YO

Aktivite rechèch yo pral fèt ak entansyon pou rezoud pwoblèm peyi a dapre yon apwòch miltidisciplinè epi holistik. Poudayè, nou dwe sonje gen anpil peyi nan rejyon an ki genyen menm pwoblèm sa yo, men nan diferan nivo. Se sa ki demontre yon enterè entènasyonal pou solisyon ki kab parèt apati aktivite rechèch sa yo.

Apati douz defi fondamantal GRAHN idantifye yo [5], men yon ekstre ki montre kèk lide aktivite rechèch ki entereze *ISTEAH* [6].

« Gwoup refleksyon ak aksyon pou yon Ayiti tou nèf, ki te kreye wuit jou apre tranbleman tè 12 janvye 2010 la, tout moun konnen jounen jodi a sou non GRAHN-Monde, idantifye 12 defi fondamantal ki nan siyay peyi a. Defi sa yo la depi lontan epi yo kab sèvi kòm sous enspirasyon pou aktivite rechèch entèdisiplinè ... Defi sa yo kab mobilize, yonn dèye lòt, plizyè jenerasyon chèchè ak entèlektiyèl peyi Ayiti. Defi sa yo ka mennen tou bon jan okazyon kolaborasyon ak syantifik entènasyonal akoz enpòtans pwoblematik kalite rechèch sa yo. An nou konsidere senk pami 12 defi sa yo ...

PREMYE DEFI: RATMAN NAN SWEN SANTE FONDAMANTAL YO

Premye defi sa a parèt ak kesyon rechèch sa a: Kouman pou nou rive mete sou pye yon sistèm sante nasyonal ki ka koresponn ak ti nivo edikasyon popilasyon an epi, mete sou sa, ti kantite lajan ak resous medikal Leta genyen yo epi ki konsidere karakteristik pratik epi kiltirèl pèp ayisyen? Yon chan rechèch konsa ka mobilize chèchè nan divès disiplin, tankou: syans medikal, syans ledikasyon, syans ekonomik, syans administrasyon, antropoloji, sosyoloji ak etnoloji.

DEZYÈM DEFI: GWO POUSANTAJ MOUN SAN TRAVAY NAN POPILASYON AN, ESPESYALMAN JÈN YO

Dezyèm defi sa a vini ak kesyon rechèch sa a: ki sa yon moun ka fè pou ankouraje devlopman ekonomi Ayiti a, yon fason pou atire envestisè ki kab vin louvri tout kalite biznis, ki yomenm va rive kreye travay nan tout sektè aktivite nan peyi a? Chan rechèch sa a limenm kapab mobilize chèchè nan divès disiplin sa yo: syans ekonomik, dwa, syans ak teknik agrikòl, admistrasyon afè, fiskalite, relasyon endistriyèl, ak anpil lòt ankò.

TWAZYÈM DEFI: PA GEN KONTWÒL SOU DEMOGRAFI A

Twazyèm defi sa a parèt ak kesyon rechèch sa a: ki estrateji pou nou mete sou pye epi ki aksyon nou kab antreprann pou nou bloke ogmantasyon rapid demografi a epi redui efè negatif li yo sou ratman espas ak enfrastruktir sosyoteknik yo? Chan rechèch sa a ka mobilize chèchè nan disiplin tankou demografi, ledikasyon, syans lasante ak sosyoloji.

KATRIYÈM DEFI: DEGRADASYON WÒDPÒTE ANVIWONNMAN AN

Katriyèm defi sa a mache ak kesyon rechèch sa a: Kouman pou nou rive kanpe degradasyon anviwonman an, ki gen yon kouch vejetal anviwon 2% epi remete teritwa Ayiti a sou de pye li? Chan rechèch sa a ka mobilize chèchè nan divès disiplin tankou: syans anviwonman, jeni sivil, jeni enèjetik, jeni riral, demografi, agwonomi, ekonomi ak foresteri.

SENKYÈM DEFI: RATMAN KWONIK NAN EDIKASYON POPILASYON AN

Senkyèm defi sa a, se pa pi piti a, se nannan rankont nou an jodi a epi li parèt tankou yon « kokennchenn defi », yon defi ki pa rete ak defi, ki mennen tout rès defi yo ak li. Kouman pou jere yon sistèm edikasyon ki kab rive garanti yon bon kalite edikasyon, ki alapòte tout sitwayen nan tout rejyon peyi a, pandan li ap konsidere tout sa ki konekte ak devlopman, byennèt epi pwosperite tout sosyete Ayiti a? Dapre yon apwòch holistik nou rekòmande, sistèm edikasyon sa a nou swete ak tout kè nou dwe pèmèt nou fòme sitwayen tou nèf, chaje ak konesans lasyans, ki gen konsyans, ki responsab alega pwòp tèt yo epi alega tout moun nan sosyete a, ki respekte byen kolektif ak laverite, epi ki entereze travay pou devlopman peyi a avèk lide pou yo toujou ap chèche rezoud pwoblèm nasyonal yo. »

KÈK CHANJMAN MODÈL POU NOU KONKLI

Kwake gen yon enstitisyon ki pral louvri pòt li nan mwa out 2013, sa editoryal sa a pwopoze, se yon kwatyo pou chanje modèl nan siyay inivèsite Ayiti yo. Alaverite, *ISTEAH* vle ►

fòmè pèsonèl byen kalifye sou teren an pou bezwen peyi a, yon fason pou diminye depandans Ayiti parapò ak peyi etranje avèk kreyasyon enstitisyon dirab; premye chanjman modèl: *fòmè pechè pwason olye pou nou ap bay moun pwason*. ISTEAH ap eseye fè pwofesè yo deplase olye pou li fè etidyan yo deplase; dezyèm chanjman modèl: *kòlte ak pwoblèm save ki ap kite peyi a tan pou nou ankouraje yo kite*. ISTEAH vle ranfòse epi valorize talan ki disponib nan pwovens yo, tan pou li kreye kondisyon ki kab ankouraje yo kite pwovens yo; twazyèm modèl: *rann pwovens yo nan peyi a pi atiran apati devlopman espas wòdpòte pou konesans, olye pou kondane pwovens yo ki ap mouri antife, paske yo retire nan pwovens yo, tout moun ki gen talan yo, epi moun sa yo pa janm retounen*. ISTEAH pral travay pou lasyans ak teknoloji sèvi kòm baz rezonman nan pwosesis pou pran desizyon ak rezolisyon pwoblèm; katyèm chanjman modèl: *ISTEAH vle fè pwomosyon pou yo apwòch rasyonèl epi reflechi lè genyen desizyon ki pou pran olye pou nou kontinye ap fè enpwovizasyon*.

Pou lasyans ak teknoloji vin sèvi kòm motè devlopman Ayiti, konsèp ISTEAH mete kanpe yo dwe mache ak yon seri politik piblik, pou premyèmman, bay peyi a lwa gouvènans pou ansèyman wo nivo (travay ki ap fèt kounye la a), dezyèmman mete sou pye yon seri prensip pou kontwòle kalite pwogram ensèyman wo nivo yo, twazyèmman enstale epi valorize yon karakteristik pou tout anseyan epi pou pwofesè inivèsite an patikilye. Politik piblik sa yo dwe abòde kesyon finansman ansèyman wo nivo a, apati ankourajman, pami tandòt, pou ogmante pousantaj moun ki diplome apre yo fin rantre nan pwogram yo. Politik piblik sa a dwe fè fas ak koze moun save ki ap kite peyi a apati yon seri ankourajman pou atire save yo epi pou yo kab rete nan peyi a, yon fason pou yo kab vin sèvi tout moun nan tout nivo sou plan nasyonal. Jounen jodi a nan tout peyi oksidantal yo, nou wè gen yon konpetisyon san parèy pou atire moun save toupatou sou planèt la epi kenbe sila yo ki pi bon yo. Richès divès nasyon sou latè ak kapasite yo pou yo fè konpetisyon depann de moun save yo. Se peyi tyèmmon yo ki peye konsekans lan. Ayiti soufri anpil ak sityasyon save ki ap kite peyi a. Daprè *Banque Mondiale*, gen plis pase 80% save ayisyen ki kite peyi a.

Daprè *Vitraulle Mbourgou* [7], «Koze moun save ki ap kite peyi yo a lakòz peyi ki nan Sid yo pèdi lelit entèlektyèl yo genyen ki pi kalifye yo epitou se yomenm ki plis kapab leve defi devlopman yo. Yon piblikasyon tou nèf, ki soti nan *Banque Mondiale* sou Pwogram rechèch nan migrasyon entènasyonal ak devlopman, demontre «vwayaj moun save yo fèt an mas nan peyi ki ap devlope, men ki pòv epi ki gen ti sipèfisi. Konsa, wuit Ayisyen ak Jamayiken pou yon total sou 10, ki gen yon diplòm inivèsite, ap viv lwen peyi yo. Se menm jan an tou, plis pase 50% pwofesyonèl ak diplòm inivèsite nan anpil peyi Amerik santral la ak nan Karayib yo ap viv nan peyi etranje. Genyen ka kote pousantaj la reprezante 80%.» Nou pa dwe

konsidere sityasyon sa yo kòm yon rezon pou nou pa envesti nan ansèyman inivèsite. Se pito yon rezon anplis pou nou rann peyi a pi atiran pou piti li yo, an patikilye diplome li yo ki dwe kontribye nan pwogrès sosyete ki te fòmè yo a.

Chak save ayisyen ki kite peyi a, diminye nan menm fason an kapasite peyi a pou li kreye richès pou rès moun ki nan peyi a. Wi tout timoun Ayiti dwe genyen posiblite pou yo genyen yon edikasyon fondamantal ki byen fèt. Men, si nou pa vle pran nan pyèj move kalite a, nou dwe sonje, se kalite ki ka kreye kalite. Sa vle di, anseyan ki pa kòdyòm gen posiblite founi nan peyi a yon ansèyman ki pa kòdyòm, paske yo ap bay jenerasyon apre jenerasyon yon fòmasyon depaman anan tout nivo sistèm edikasyon an. Ayiti dwe envesti nan sistèm inivèsite li yo kòm motè pou fè pwomosyon bon kalite nan tout nivo sistèm edikasyon an, sa dwe fèt nan enterè majorite a. ISTEAH ap pran tout dispozisyon pou li mete bon kalite nan domèn lasyans ak teknoloji, non pa tankou se sa sèlman li vle fè, men pito tankou yon mwayen pou li rale monte tout sistèm edikasyon Ayiti a, se tankou yon motè ki ap pouse peyi a an direksyon devlopman tout moun ap swete ak tout fòs. Alavèrite, se sèl anseyan ak pwofesè byen fòmè ki kab bay garanti pou yon edikasyon ak kalite siperyè, se sèl pwofesyonèl kalifye yo ki kapab sèvi kòm baz pou yon administrasyon piblik ki efikas epi konpetan, se sèl syantifik ak antreprenè ki gen sans inovasyon ki pral rive kreye richès nesèsè nan ekonomi tou nèf la pou fè Ayiti vini yon peyi ki ap devlope tout bon nan yon peryòd tan reyalis. An nou travay pou vizyon sa a vin yon rèv, apresa yon pwojè, epi anfen yon reyalyite ... pou jenerasyon ki ap vini yo. ■

BIBLIYOGRAFI

- SMITH, Adam (1776). *An Inquiry into the Nature and Causes of The Wealth of Nations (Recherches sur la nature et les causes de la richesse des nations)*. The University of Chicago Press (1976). USA.
- GTEF (2010). *Pour un Pacte national sur l'Éducation en Haïti*. Rapport au Président de la République. Le Groupe de travail sur l'éducation et la formation. Port-au-Prince, Haïti.
- BOURJOLLY, Jean-Marie, FÉTHIÈRE, James, TOUSSAINT, Pierre (2010). «Système éducatif haïtien». Chapitre 6, in *Construction d'une Haïti nouvelle: vision et contribution du GRAHN*, PIERRE, S. (Ed.), Presses internationales Polytechnique, 617 p.
- INURED (2010). The Challenge for Haitian Higher Education: A post-earthquake assessment of higher education institutions in the Port-au-Prince metropolitan area. <http://webarchive.ssrc.org/challenge-haiti-report.pdf>. Visité le 9 mars 2013.
- PIERRE, Samuel (2010). «Construire une Haïti nouvelle». Chapitre 1, in *Construction d'une Haïti nouvelle: vision et contribution du GRAHN*, PIERRE, S. (Ed.), Presses internationales Polytechnique, Montréal (Québec), 617 p.
- PIERRE, Samuel (2012). *Construire une Université haïtienne pour une Nation haïtienne de bien-être et de prospérité*, Conférence prononcée le vendredi 13 janvier 2012, dans le cadre du Colloque inaugural du Campus universitaire de Limonade de l'Université d'État d'Haïti.
- MBOUNGOU, Vitraulle (2013). «Fuite des cerveaux: les pays plus sollicités». Afrique Expansion, Revue internationale des affaires et partenariats Nord-Sud. <http://www.afriqueexpansion.com/produits-africains-1941-fuite-des-cerveaux-les-pays-les-plus-sollicites.html>. Visité le 9 mars 2013.

Abònman kòm sipòtè

Menm lè GRAHN pèmèt nou genyen yon abònman *Haiti Perspectives* gratis apati vèsyon elektwonik revyi a ki sou entènèt, nou kab toujou pran yon abònman vèsyon revyi a ki enprime a kòm sipòtè. Abònman kòm sipòtè a va pèmèt nou kouvri depans ki fèt pou mete sou papye yon vèsyon jounal la ki ap trè bèl epi ki ap pote anpil plezi pou nou. Nou ap di nou mèsi dèske nou ranpli fòmilè ki pi ba a. Nou va tou pwofite presize ki kalite abònman nou vle. Voye fòmilè a ak yon chèk sou non GRAHN-Monde nan adrès kontak ki sou sit la www.haiti-perspectives.com

Abònman ou vle a : 1 an (4 nimewo) 200 \$

2 ans (8 nimewo) 360 \$

Fi Gason

Siyati ou : _____ Prenon ou (yo) : _____

Adrès [no sivik, ri a, apatman.] : _____

Vil : _____ Pwovens : _____

Peyi : _____ Kòd postal : _____

Adrès elektwonik : _____

